




Patnè pou yon avni ki **briyan**

Florida Power & Light Company kontinye travay pou itilize plis enèji solè san li pa depanse plis pase sa ki nesesè pandan li kenbe bòdwo kouran kliyan yo 30% pi ba pase mwayèn nasyonal la. Se pa ti kontan nou kontan pou n pote enèji solè inivèsèl la nan konte Miami-Dade.

KARAKTERISTIK SANT ENÈJI SOLÈ FPL LA



Fonksyonman an silans



Pano solè yo enstale toupre atè a



Pa gen plis trafik



Pa gen dlo ki nesèsè



Pa gen limyè lannuit

Sant enèji solè Everglades FPL pwopozè a

- » Li sou 614 kawo tè
- » Li nan lwès SW 217th Avenue, ant SW 232nd Street ak SW 248th Street
- » 74.5 megawat enèji san emisyon an silans, sètadi ase kouran pou 15,000 kay
- » Rediksyon emisyon ki gen menm efè ak retire 14,000 machin sou wout yo chak ane*
- » ~200 djòb pandan konstriksyon an

Sant enèji solè inivèsèl yo se bon vwazen yo ye


Sant enèji solè inivèsèl yo se bon vwazen yo ye pou kominote a. Lè yon sant solè fonksyone, li pa bay pousyè, polisyon ni lòt efè ki te ka nui yon kominote oswa yon fèm ki toupre li. Pano yo chita sou yon seri ti poto ann asye ki pa gen enpak sou pwodiktivite tè a. Yon sant solè pa bezwen moun pou fè l fonksyone, konsa pap gen plis trafik nan zòn nan.

Lè nou bezwen chwazi yon kote pou enstale yon sant enèji solè, nou chèche yon sit ki toupre poto elektrik, fil elektrik ak lòt enfrastrikti ki la deja. Fason nou kreye chak sant enèji solè se yon pwosesis ki inik paske nou chèche bati l san nou pa okipe tè imid yo ak lòt zòn sansib, lè sa posib.



Avni Florid la briyan ak enèji


FPL fèk anonse yon pwojè revolisyonè pou enstale 30 milyon pano solè pou pi ta an 2030. Lè pwojè sa a fini, FPL panse li se pral pi gwo konpayi elektrik ki genyen e ki itilize enèji solè nan peyi a. Konsa, Florid ap vin yon lidè mondyal nan pwodiksyon enèji solè. FPL gentan jwenn sit solè nan tout eta a. Sa pral pèmèt konpayi a kontinye bati sant enèji solè san li pa depanse plis kòb pase sa ki nesèsè nan Florid.



Pwodiksyon FPL la sèvi ak plis enèji solè

An 1984, FPL te mande premye enstalasyon solè inivèsèl li, yon sit pano fotovoltaik 10-kW nan vil Miami. Kounye a, FPL gentan bati plis pase 40 sant enèji solè. Pou pi ta an 2030, nou prevwa pou enèji solè a reprezante anviwon 20 pousan pwodiksyon konpayi a.

Grasa bonjan investisman li fè yo, pa egzanp nan enèji solè, FPL vin tounen youn nan konpayi elektrik ki pi pwòp, lèfini bòdwo l yo fè pati sa ki pi ba nan tout peyi a.



Fason yon sant enèji solè fonksyone

Lè limyè solèy la frape pano solè yo, enèji solèy la vin konvèti an kouran kontini (DC). Apre sa, li ale nan envvètè yo ki konvèti l an kouran altènatif (AC). Kouran san emisyon an travèse transfòmètè ki ogmante tansyon an anvan li rive nan rezo elektrik la pou l ale nan kay ak nan biznis.

Ale sou EvergladesSolar.com
oswa voye yon imèl bay SolarProjects@FPL.com

CHANGING THE CURRENT.  FPL.